

engage^{ny}

Our Students. Their Moment.

Angaje (ny)
Elèv nou. Moman pa yo.
Estanda komen esansyèl leta:
Chanjman pou elèv ak paran



www.engageNY.org

Chanjman pou elèv nan règleman Esansyèl yo

6 Chanjman nan Anglè / Kominikasyon

Li menm kantite tèks ki pa fiksyon ak tèks fiksyon
Li pou aprann sou monn lan
Li materyèl ki konplike ak anpil atansyon
Diskite tèks ou li apati evidans ki nan tèks la
Ekri tèks ki pa fiksyon, kore li ak bon jan evidans
Ogmante vokabilè akademik

6 Chanjman nan matematik

Konsantrasyon: aprann plis sou mwens bagay,
aprann sijè ki enpòtan
Devlope ladrès ak konpetans nan tout klas
Devlope rapidite ak presizyon
Konnen yon sijè byen, aplike konesans ou byen
Itilize konesans ou nan lavi kourant
Reflechi vit epi rezoud pwoblèm

Chanjman 1 nan Anglè/ Kominikasyon: Li menm kantite liv ki pa fiksyon ak liv fiksyon

Elèv dwe...	Paran kapab...
<ul style="list-style-type: none">• Li menm kantite liv ki pa fiksyon ak liv fiksyon• Konnen fason liv ki pa fiksyon òganize• Apresye e diskite detay nan liv ki pa fiksyon	<ul style="list-style-type: none">• Bay anpil liv ki pa fiksyon• Li awotvwa tèks ki pa fiksyon ak pitit ou• Montre apresyasyon pou liv ki pa fiksyon devan pitit ou

Chanjman 2 nan Anglè/ Kominikasyon: Li pou kapab aprann sou monn lan

Elèv dwe...	Paran kapab...
<ul style="list-style-type: none">• Li pou kapab vin pi fò nan syans ak syans sosyal• Travay ak dokiman orijinal• Li pou kapab vin pi fò	<ul style="list-style-type: none">• Bay pitit ou anpil liv sou sijè ki enterese l• Chèche liv ki esplike sèten konsèp• Diskite tèks ki pa fiksyon ak lide ki nan tèks sa yo

Tank nou li plis se tank nou li pi byen

- Timoun laj 3 zan k ap viv nan fanmi ki gen anpil mwayen tande 30 milyon mo pase yon timoun k ap viv nan fanmi pòv (Hart and Riskey, 1995).
- Timoun ki konn anpil mo vokabilè, ki konprann byen langaj kourant travay pi byen lekòl (Whitehurst and Lonigan).
- Si nan twazyèm ane timoun yo pa kapab li anivo, yo gen plis chans pou yo pa diplome ayskoul (Hernandez, 2011)

Chanjman 3 nan Anglè/ Kominikasyon: Li liv ki gen lide konplèks ak anpil atansyon

Elèv dwe...	Paran kapab...
<ul style="list-style-type: none">• Li epi reli• Li liv ki nan nivo yo epi avanse nan liv ki pi konplike• Detaye sa ki nan yon tèks• Aprann jere fristasyon epi aprann pouse tèt yo	<ul style="list-style-type: none">• Bay pitit yo liv ki gen lide konplike, liv yo vle li ak liv yo ka li alèz• Konnen liv ki nan nivo apropriye pou pitit ou• Akonpaye pitit ou lè yo ap li liv ki konplike oubyen difisil• Fè yo konprann menm lè yon sijè konplike li vo lapèn pou yo fè jefò pou yo eseye konprann sijè a

Sipòte yo nan lekti.

Li tèks ki konplike awotvwa

Klas	Egzanp liv konplike ki pa fiksyon	Haitian Creole Translation
K-1	A Tree is a Plant Read Aloud: Fire, Fire!	Yon pyebwa se yon plant Li awotvwa: Dife, Dife!
2-3	Martin Luther King and the March on Washington Read Aloud: What the World Eats	Mach Martin Luther King nan Wachintonn Li awotvwa: Sa moun manje toupatou nan monn lan
4-5	Hurricanes: Earth's Mightiest Storms The Kids' Guide to Money	Siklòn: Pi gwo tanpèt sou latè Gid pou aprann timoun lajan
6-8	Narrative of the Life of Frederick Douglass A Night to Remember	Istwa lavi Frederik Douglass Yon nwuit inoubliyab
9-10	Hope, Despair, Memory Letter from Birmingham Jail	Espwa, Desespwa ak Souvni Lèt depi prizon Birmingham
11-12	Take the Tortillas Out of Your Poetry Mother Tongue Black Boy	Retire "Tortillas" nan Pwezi w la Lang Manman Ti gason nwa

Egzanp liv fiksyon ki konplike

Klas	Egzanp liv fiksyon ki konplike	Haitian Creole Translation
K-1	Are you My Mother? Read Aloud: The Owl & the Pussycat	Èske se ou ki manman mwen? Li awotvwa: Koukou ak Chat
2-3	Fire Cat	Yon chat ki vin yon ponpye
4-5	Bud not Buddy The Secret Garden Yon jaden sekre
6-8	Little Women The People Could Fly	Ti medam yo Moun yo ki te kapab vole
9-10	Things Fall Apart In the time of the Butterflies	Things Fall Apart... Nan tan papiyon yo
11-12	The Canterbury Tales Dreaming in Cuban Crime & Punishment	Kont nan Canterbury Reve en Kiben Krim ak Chatiman

Chanjman 4 nan Anglè/ Kominikasyon: Diskite tèks apati evidans ou jwenn adan liv la

Elèv dwe...	Paran kapab...
<ul style="list-style-type: none">• Chache evidans pou sipòte agiman ou• Bay opinyon sou tèks• Vin yon entèlektyèl• Diskite sa otè a vle fè pase	<ul style="list-style-type: none">• Diskite tèks ak pitit yo• Mande pou evidans ak prèv lè yo ap diskiste/ lè yo ap fè deba• Li awotvwa oubyen li menm liv e diskite evidans nan tèks la

Chanjman 5 nan Anglè/ Kominikasyon: Ekri apati sèten sous

Elèv dwe...	Paran kapab...
<ul style="list-style-type: none">• Prezante opinion ak agiman nan redaksyon apati evidans• Fè konparezon ant plizyè tèks lè yo ap ekri redaksyon• Ekri byen	<ul style="list-style-type: none">• Ankouraje pitit yo ekri redaksyon lakay yo• Ekri ti liv ansanm, itilize evidans, prèv ak detay nan tèks yo• Gade apendiks A: Ale nan sit entènet sa a: http://www.corestandards.org/assets/Appendix_C.pdf

Chanjman 6 nan Anglè/ Kominikasyon: Vokabilè Akademik

Elèv dwe...	Paran kapab...
<ul style="list-style-type: none">• Aprann mo y ap bezwen nan kolèj e pou karyè yo• Vin pi entèlijan e konprann pouvwa ki genyen nan byen itilize lang	<ul style="list-style-type: none">• Li souvan e tout tan ak pitit yo depi ti bebe, nan gadri rive laj lekòl• Li diferan kalte liv sou menm sijè a• Kite pitit ou wè ou ap li• Pale ak pitit ou; Li pou pitit ou; Koute pitit ou; Chante ak pitit ou; Fè jwèt mo tankou devinèt ak pwovèb ak pitit ou

Marylin Jager Adams

*An nou pouse timoun yo pi devan nan lang ak kominikasyon:
Fè fas a difikilte nan tèks ki konplike (American Educator, Winter 2010-2011)*

- Sa ki ekri pi konplèks e pi konplike pase jan nou pale.
- Plis timoun yo li sou yon sijè, se plis yo kapab li sou sijè sa a.

Chanjman 1 nan matematik:

Konsantrasyon: Aprann plis sou mwens sijè


Elèv dwe...	Paran kapab...
<ul style="list-style-type: none">• Pase plis tan sou mwens konsèp	<ul style="list-style-type: none">• Konnen ki travay ki priyorite pou nivo klas pitit ou• Pase tan ak pitit ou sou travay ki priyorite pou nivo li• Mande pwofesè pitit ou si pitit ou fè pwogrè nan travay ki enpòtan pou nivo 1

Chanjman 2 nan matematik:

Devlope ladrès ak konpetans nan tout klas

Elèv dwe.....	Paran kapab...
<ul style="list-style-type: none">• Kontinye ogmante konesans yo ane apre ane	<ul style="list-style-type: none">• Konnen ki sa ki te difisil pou pitit ou ane ki sot pase a, e kouman sa kapab afekte li nan ane li ye a• Defann dwa pitit ou epi fè si li jwenn sipò pou kouvri “lakin” li ka genyen nan matematik tankou nonm negatif, fraksyon, elatriye

Rapò Final (2008) Panèl Konsèy Nasyonal sou Matematik



Final Report of the National Mathematics Advisory Panel, 2008

Chanjman 3 nan matematik: Rapidite ak Presizyon

Students Must...	Paran kapab...
<ul style="list-style-type: none">• Pase tan ap pratike anpil pwoblèm sou menm lide a	<ul style="list-style-type: none">• Pouse timoun pou yo konnen/pou yo memorize prensip matematik de baz• Konnen tout sa pitit ou dwe metrize epi bay priyorite a sa yo pa konnen

Ladrès ki Esansyèl 2 nan matematik

Klas	Ladrès ki nesesè
K	Adisyon/soustraksyon ak 5
1	Adisyon/soustraksyon ak 10
2	Adisyon/soustraksyon ak 20 Adisyon/soustraksyon ak 100 (itilize kreyon ak papye)
3	Miltiplikasyon/divizyon ak 100 Miltiplikasyon/divizyon ak 1000
4	Miltiplikasyon/divizyon ak 1,000,000
5	Miltiplikasyon ak plizyè chif
6	Divizyon ak plizyè chif
7	Rezoud: $px+q= r$, $p(x+q)=r$
8	Rezoud sistèm senp 2×2 nan enspeksyon

Chanjman 4 nan matematik: Konnen li/Fè li!

Elèv dwe...	Parents Can...
<ul style="list-style-type: none">• Konprann pouki matematik travay. Konprann Travay matematik.• Pale sou ki sa ki fè matematik travay• Prouve yo konnen pouki sa e kouman matematik fonksyone	<ul style="list-style-type: none">• Wè si pitit yo kouman yo jwenn repons pwoblèm• Mande pou pitit ou jwenn tan ki nesèsè pou l aprann konsèp kle nan matematik• Pran tan lakay ou pou pitit ou travay sou pwoblèm ki difisil• Amelyore konesans ou sou kalte matematik pitit ou gen pou li aprann

Chanjman 5 nan matematik: Monn lan tout bon

Elèv dwe...	Parents Can...
<ul style="list-style-type: none">• Itilize matematik nan sitiyasyon reyèl• Konnen ki kalte matematik ki apropiye pou chak okasyon	<ul style="list-style-type: none">• Mande pitit ou pou l travay matematik nou rankontre nan lavi reyèl tankou mezire engredyan pou fè on gato, elatriye

Chanjman 6 nan matematik: Panse Vit/ Rezoud Pwoblèm

Elèv dwe...	Parents Can...
<ul style="list-style-type: none">• Kapab itilize matematik de baz ki esansyèl yo byen vit <p>Epi</p> <ul style="list-style-type: none">• Kapab aplike konsèp matematik nan lavi kourant	<ul style="list-style-type: none">• Rekonèt nan ki sa pitit ou bon e ki sa li bezwen aprann plis• Fè si pitit ou ap pratike konsèp matematik ki difisil pou li• Fè si pitit ou ap panse sou matematik ki nan lavi kourant

Egzanp Egzamen Matematik 5èm ane leta Nouyòk (2005)

12. Pierre ap fè yon tat pòm avèk engredyan sa yo ki anba a:

Tat Pòm

Kwout tat la	Ranplisaj pou andan tat la
$\frac{3}{4}$ tas farin	4 tas moso pòm tranche
$\frac{1}{3}$ tas sik	$\frac{1}{3}$ tas sik
$\frac{1}{4}$ tas bè	$\frac{1}{2}$ tas rezen

Ki kantite sik antou Pierre dwe itilize pou l fè kwout tat la ak ranplisaj pou andan tat?

F $\frac{7}{12}$ tas

G $\frac{2}{6}$ tas

H $\frac{3}{4}$ tas

J $\frac{2}{3}$ tas

Egzanp yon pwoblèm nan Estanda komen esansyèl pou matematik 5èm ane

Vant yo te plen ak pizza

Vant Tito ak Luis te plen ak pizza. Tito te manje on-ka nan yon pizza fromaj. Tito te manje twa-uityèm yon pizza pepperoni. Tito te manje mwatye yon pizza chanpiyon. Luis te manje lòt mwatye pizza chanpiyon an. Tout pizza yo te menm gwosè. Tito di li te manje plis pizza pase Luis paske Luis pa t manje nan pizza pepperoni a. Luis di yo chak te manje menm kantite pizza. Kiyès ki gen rezon? Montre kouman ou panse sou matematik pwoblèm.

Men egzant travay yon elèv

Vant yo te plen ak pizza

Vant Tito ak Luis te plen ak pizza. Tito te manje on-ka nan yon pizza fromaj. Tito te manje twa-uityèm yon pizza pepperoni. Tito te manje mwatye yon pizza chanpiyon. Luis te manje lòt mwatye pizza chanpiyon an. Tout pizza yo te menm gwosè. Tito di li te manje plis pizza pase Luis paske Luis pa t manje nan pizza pepperoni a. Luis di yo chak te manje menm kantite pizza. Kiyès ki gen rezon? Montre kouman ou panse sou matematik pwoblèm.

M pral wè kiyès ki korèk, si se
Tito oubyen Luis.
M a fè yon dyagram.
Kle (Key)
T Tito
L Luis
C cheese
P pepperoni
M mushroom
(Pizza)

Tito te manje (Tito ate)
Luis te manje (**Luis ate**)
Fò ou chache kouman pou jwenn 8
kòm denominatè
komen. Alòs ou adisyone fraksyon ki
ekivalan yo

Elèv la rive
konprann epi
pèsevere pou li
jwenn solisyon
pwoblèm nan. Li
montre bon jan
resonman sou pati
pwopòsyonèl yon
antye, li byen separe
moso pizza yo ant
de ti mesye yo, li
jwenn ekivalans
kòrèk fraksyon yo
pou li bay repons
korèk pwoblèm nan.
Elèv la verifye
repons li avèk nonm
desimal yo,
pousantaj yo epi li
itilize konesans li
genyen nan
estatistik pou
solisyon an.

Elèv la modle repons li
ak langaj matematik.
Dyagram ki fèt sou
pizza yo korèk, yo byen
Idantifye e gen yon kle
pou rekonèt Tito, Luis
Ak kalte pizza yo. Elèv
la itilize dyagram pou
li montre kouman li
reflechi sou pousantaj
ak
desimal yo nan
pwoblèm nan.

**Repons: Luis gen rezon paske yo chak te
manje $1 \frac{1}{8}$ pizza**